

Fich enfòmasyon pou pwopriyetè Pwogram asistans pou demenajman migran

Fason li Fonksyone

Eta New York, nan patenarya ak Vil New York, te tabli Pwogram Asistans pou demenajman migran an (Migrant Relocation Assistance Program, MRAP) pou ede fanmi k ap chèche azil ak lòt fanmi ki kalifye ki fèk rive yo demenaje soti nan sistèmabri vil la pou ale nan lojman pèmanan nan zòn k ap akeyi yo nan eta a. Pwogram nan ap peye jiska yon lane lwaye epi bay sèvis pou fanmi ki kalifye yo nan konte Albany, Erie, Monroe, Suffolk, ak Westchester.

Avantaj pou pwopriyetè yo

Antanke yon pwopriyetè, ou esansyèl nan efò Eta a pou akeyi fanmi ki fèk rive yo. Pwogram demenajman an bay pwopriyetè yo yon opòtinite pou ranfòse epi amelyore mendèv lokal la, lè yo bay lojman ki sekirize, estab pou fanmi k ap etabli nouvo rasin yo nan kominote a. Kay pou yon sèl fanmi, bilding apatman, apatman, mezon vil ak ko-pwopriyete yo kalifye.

Avantaj pou vin yon pwopriyetè MRAP:

- Inite ki vid yo ka sekirize anvan yon fanmi ki kalifye okipe li
- Pèman lwaye ki fyab, alè garanti pou yon lane
- Yon founisè sèvis kominotè ke OTDA gen kontra ak li detèmine fanmi ki kalifye yo
- Fanmi yo konekte ak sèvis jesyon dosye
- Yo bay rekonpans, ki enkli bonis ak depo garanti

Rekonpans pou pwopriyetè ki patisipe yo:

- Bonis pou pwopriyetè – Yo peye 15% nan lwaye pa ane a nan moman y ap siyen kontra lwaye a
- Yo peye depo garanti ak twa premye mwa yo alavans
- Prim 5,000 dola pou lojman kolektif pou angajman pwopriyetè ki gen 5 oswa plis inite yo
- Garanti pwopriyetè: si pwopriyetè a ta oblije ekspilse lokatè a paske lokatè a pa peye pataj lwaye a, y ap ranbouse pwopriyetè a pou pèt ki te akimile anvan dat ekspilasyon an pou premye ane lwaye a.

Pou konekte ak founisè sèvis demenajman nan zòn ou an, tanpri kontakte:

<p>Albany</p>	 <p>CENTRO CIVICO A DIVISION OF THE IBERO-AMERICAN ACTION LEAGUE</p>	<p>Rosa De La Cruz 518-424-2084 rosa.delacruz@iaal.org</p>
<p>Erie</p>	 <p>JERICHO ROAD COMMUNITY HEALTH CENTER</p>	<p>Darcy Kennedy-Ellis 716-939-1408 darcy.kennedyellis@jrhc.org</p>
<p>Monroe</p>	 <p>IBERO AMERICAN ACTION LEAGUE, INC.</p>	<p>Daisy Ruiz Marin 585-256-8900 eks. 170 daisy.ruiz@iaal.org</p>
<p>Suffolk</p>	 <p>SEPA Mujer</p>	<p>Ivan Larios 631-980-2555 ilarios@sepamujer.org</p>
<p>Westchester</p>	 <p>NeighborsLink</p>	<p>Luisa Granda 914-666-3410 lgranda@neighborslink.org</p>

Remak: Chak moun ki pa sitwayen ki rive nan fwontyè a epi ke Ladwàn Ameriken ak Pwoteksyon Fwontyè kontwòle, soumèt a depistaj sekirite. Yo dwe verifye enfòmasyon byografik ak byometrik yo atravè yon seri baz done ransèyman ak aplikasyon lalwa. Y ap rekòmande tout moun ki pa sitwayen ki poze yon risk pou sekirite nasyonal oswa sekirite piblik la bay ajans Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (U.S. Immigration and Customs Enforcement), oswa lòt ajans gouvènman yo pou detansyon.